# Мәмлекетлик_пуқаралық_хызметшилерин_социаллық_

Мәмлекетлик_пуқаралық_хызметшилерин_социаллық_қорғаў

Президент жанындағы Мәмлекетлик хызметин раўажландырыў агентлигиниң басламасы менен  Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, Денсаўлықты сақлаў министрлиги менен биргеликте Министрлер Кеңеси ҳәмде Нөкис қаласы ҳәм район ҳәкимликлери хызметкерлери бирлемши медициналық көриктен өткерилмекте.




Тийкарғы мақсет кеселликлерди ерте басқышта анықлаў ҳәм кеселликлердиң алдын алыў арқалы мәмлекетлик хызметшилердиң өз искерлигинде нәтийжеликке ерисиўин тәмийинлеўден ибарат.




Медициналық көриклер даўамында шыпакерлер тәрепинен саламат турмыс тәризине әмел етиў, дурыс аўқатланыў, кеселликлердиң алдын алыў бойынша мәсләҳәтлер де берилмекте.




Медициналық көрик тастыйықланған реже-графикке тийкар 2023-жылдың 16-февраль сәнесине шекем даўам етеди.




Еслетип өтемиз, “Мәмлекетлик пуқаралық хызмети ҳаққында”ғы нызамда мәмлекетлик пуқаралық хызметшисине медициналық хызмет көрсетиў социаллық қорғаў илажы сыпатында кепилленген.